

NaMutungamiri Dieter F. Uchtdorf

Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Zvose Zvakana!

Apo pandinofunga pamusoro penhaka yedu yevaparuri, chimwe chezvinhu zvinonyanya kubata moyo icho chinouya mupfungwa rwiyo runonzi “Huyai, Huyai, Imi Vatendi” (*Hymns*, no. 30). Avo vakafamba rwendo rwakareba rwekuenda kuNhika yeSalt Lake kazhinji vaiimba rwiyo urwu panguva yerwendo rwavo.

Ndinonyatsoziva kuti zvose zvakanga zvisina kunaka kuneVatendi ava. Vaitambudzwa neurwere, kupisa kwezuya, kuneta kukuru, chando, kutya, nzara, marwadzo, kusatenda uye kana rufu.

Asi kunyangwe vakanga vaine chikonzero chose chokudaidzira kuti, “Zvose hazvina kunaka,” vakakudziridza mafungiro atinofanira kuyemura nhasi. Vakatarira zviri kumberi kwematambudziko avo kumaropafadzo ekusingaperi. Vaiva nekutenda mumamiriro ezvinhu avo. Kunyangwe zvazvo paiva nezvakanakanda zvaitaridza kuti mamiriro akanga akaita zvinhu akanga asina kunaka, vakaimba nekugutsikana kwese kwemoyo yavo, “Zvose zvakana.”

Rumbidzo yedu yevaparuri hairevi chinhu kana isingakonzeri kuti tiifungisise matiri pachedu. Ndinotaura hushoma hwehunhu hwavo hwunondikurudzira apo pandinofunga nezve kuzvipira kwavo netsidziro yavo.

Mutsa

Vaparuri vaitaririrana zvisinei nechinzvimbo chavo muvanhu, kupfuma kwavo, kana divi ravanotsigira mune zvatongerwe enyika. Kunyangwe zvainonotsa mafambiro avo, zvaikonzera dambudziko, kana kureva kuti munhu

aizozvipira iye pachake uye nekuva nebasa rakawanda, vaibatsirana chete.

Munyika medu muno umo vanhu vanongofunga zvekuzadzisa zvinangwa zvavo nekusarudza vavanoda kutsigira, zvinangwa zvemunhu pachake kana zvebato zvinokwanisa kukosheswa kupfuura kutaririra vamwe kana kusimbisa umambo hwaMwari. Mumagariro evanhu nhasi, kukunda pane zvimwe zvinangwa zvevatongerwe enyika kunokwanisa kutaridzika sekuva mwero wekukosha kwedu.

Kumisa nekubudirira pazvinangwa kunokwanisa kuva chinhu chakanaka chaizvo. Asi kana kubudirira pakusvika pazvinangwa kukatikonzera kuti tishaye hanya, tifuratire kana kurwadzisa vamwe, muripo wekubudirira iwoyo ungangova wakanyanya kukosha.

Vaparuri vakachengeta avo vaiva muboka ravo, asiwo vakafunga avo vaizouya mumashure mavo, vachidzira mbeu kuitira zvikochikari zvaitevera.

Vaiziva kusimba kwemhuri neshamwari. Uye nokuda kwekuti vaivimba nemumwe nemumwe wavo, vakava vakasimba. Shamwari dzakava mhuri.

Vaparuri vanova yeuchidzo yakanaka yokuti sei tichifanira kubva mukuda kuzvibvisa panavamwe, asi pane-kudaro, tinofanira kutambanudza maoko edu kubatsirana uye kuva nemutsa nerudo kune mumwe nemumwe wedu.

Basa

Uyai, uyai, imi Vatendi, musatya zviedzo kana basa rinorema;

Ndevo iyi yakava rumbo runokurudzira kuvafambi ava vakanga vaneta zvokurukutika. Zvakaoma kufungidzira mashandiro akasimba akaitwa nemweya mikuru iyi. Kufamba kwaiva chimwe chezvinhu zvakanyanya kureruka zvakaita. Vese vaifanira kubatana pamwechete kuwana zvokudya, kugadzira ngoro, kuchengeta zvipfuvo, kushandira varwere nevakarukutika, kutsvaka nekuchera mvura, nokuzvidzimirira kubva kunjodzi huru dzaivapo dzemamiriro ekunze uye njodzi dzakawanda dzesango.

Vaimuka magwanani oga oga vaine vavariro nezvinangwa zvakanyatsorongwa izvo zvainzwiswa nemunhu wose: kushandira Mwari nevamwe vavo uye kusvika kuNhika yeSalt Lake. Zuva roga roga vavariro nezvinangwa izvozvo zvaiva zviri pachena kwavari; vaiziva zvavaifanira kuita uye kuti kufambira mberi kwezvava roga roga kwaiva kwakakosha.

Munguva yedu —apo zvizhinjisa zvezvatinoda zviri nyore chaizvo kwatiri kuzviwana — zviri nyore kusiya nzira kana kuregera apo pese nzira iri mberi painoratidzika sekuva ine magadhi zvisvoma kana kuti apo mukwidza paunoratidzika sewakakwirira zvakanyanya pamberi pedu. Munguva idzodzo, zvingangotikurudzira kufunga nezve varume, vakadzi, nevana avo vasina kubvumira kuti urwere, zvinetso, marwadzo, kana kunyangwe rufu zvisvasudurutse kubva munzira yavo yavakanga vasarudza.

Vaparuri vakadzidza kuti kuita zvinhu zvinogozha kuno dzamisa nokusimbisa muviri, pfungwa, nemweya; kwaikudziridza nzwisiso yavo yehunhu hweumwari hwavo; uye kwaiwedzera mutsa wavo kuna vamwe. Tsika iyi yakasimbisa mweya yavo uye ikava ropafadzo kwavari kwenguva yakareba mushure merwendo rwavo rwekubira mhiri kwemapani nemakomo rwaguma.

Tariro

Apo vaparuri pavaiimba, vakataura chidzidzo chechitatu; “Endai nerufaro.”

Ndiko kupikisana kukuru kwezvinhu munguva yedu kwekuti takaropafadzwa nezvakawanda kudaro asi tinokwanisa kushaya mufaro zvikurusa. Zvishamiso zveupfumi netekinoroji zvakatikomberedza uye zvino-tipa dziviriro kunjodzi, mafadzo, kugutsikana ipapo, uye

magariro ari nyore. Asi kwese kwese tinoona kusafara kwakawanda.

Vaparuri, avo vakapira zvakawanda kudaro, vakanga vasina uye vaishuvira kunyangwe zvidikanwi zvidiki diki zvokurarama nazvo. Vainzwiswa kuti rufaro haruuyi semubairo werombo rakanaka kana wechinhu chinogorekana chaitika. Chaizvo haruuyi kubva nemukuwana zvisvhuvo zvedu zvole. Rufaro haruuyi kubva kumamirio ezvinhu zvirikunze. Runouya kubva mukati — zvisinei nezvirikuitika zvakatikomberedza.

Vaparuri vaiziva izvi, uye nemweya iwoyo vakawana rufaro mumamiriro ezvinhu ese uye muchiedzo chose —kunyangwe muzviedzo izvo zvaitambudza zvikamu zvakadzamisa zvemweya yavo.

Zviedzo

Kazhinji tinotarisa kumashure pane zvakashingirirwa pazviri nevaparuri uye nekutira mafemo toti, “Ndinotenda kuti ndakanga ndisati ndazvarwa panguva iyoyo.” Asi ndinofunga kuti dai vaparuri vakashinga zvikuru ivavo, vaikwanisa kutiona nhasi, havaizotaura here zvimwechetezvo (pamusoro penguva dzedu).

Kunyangwe zvazvo nguva nemamiriro ezvinhu zvachinja, misimboto yokutarisana nezviedzo uye nokugara pamwechete zvinobudirira sevanhu vane hanya vakagarika pasi paMwari haina kuchinja.

Kubva kuvaparuri tinokwanisa kudzidza kuva nerutendo uye kuvimba muna Mwari. Tinokwanisa kudzidza kuva nemutsa kuna vamwe. Tinokwanisa kudzidza kuti basa nekushinga pamushando zvinotiropafadza kwete chete pa nyama asiwo pamweya. Tinokwanisa kudzidza kuti rufaro runowanikwa kwatiri zvisinei nemamiriro ezvinhu edu.

Nzira yakanyanya kunaka yatinokwanisa kukudza nokutaridza kutenda kuvaparuri ndeyo kusanganisira muupenyu hwedu pachedu rutendo kumirairo yaMwari, mutsa nerudo kune vamwe vedu, uye ushingi pamushando, tariro, nerufaro izvo vaparuri zvavakataridza zvakanyatsonaka muupenyu hwavo pachavo.

Apo patinodaro, tinokwanisa kunanavira nepakati pemakore anemakumi enguva, totora maoko evaparuri vakanaka ava mumaoko edu, uye towedzera manzwi edu pachedu kune avo apo patinoimba navo: “Zvole zvakana! Zvole zvakana!”

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Ungangoda kutanga nokuimba, "Huyai, Huyai, Imi Vatendi" (*Hymns*, no. 30) neavo vamunoshanyira. Unokwanisa kugovera chiitiko apo iwe kana mumwe munhu waunoziva pamakashandisa misimboti yemutsa, basa, kana tariro. Kana wakurudzirwa, unokwanisa kupupura nezve maropafadzo anouya kubva mukurarama misiimboti iyi uye wovimbisa avo vamunoshanyira kuti vanokwanisa kutambira maropafadzo akafanana naiwayo.

VECHIDIKI

Kuchengeta Rekodhi

Mutungamiri Uchtdorf vanofananidza zuva redu ranhasi kunguva dzevaparuri. Kunyangwe musina kubira mhiri kwemapani, muri sevaparuri zvinopfuura zvamungangofungira! Munokwanisawo kutaridza mutsa, mushando unesimba, netariro. Uye semaziviro atinoita kuti vaparuri vakaratidza hunhu uhwu nokuda kwemarekodhi avakachengeta zvizvarwa zvako zvinokwanisa kukuziva kuburikidza nejenari rakowo.

Tora maminetsi mashoma kunyora zvishoma pamusoro pako mujenari rako. Unokwanisa kunyora pamusoro pezvinhu zvemweya, sokuwana kwawakaita uchapupu hwako kana makundiro awakaita zviedzo nerubatsiro rwaBaba Vokudenga. Unokwanisawo kubatsira vazukuru vako vezvizvarwa zvechitatu (avo vangangoverenga jenari rako nerimwe zuva!) kuti vazive kuti upenyu hwako hwezuya nezuya hwakanga hwakaita sei. Ndeapi mapurojekiti auri kuita kuchikoro?

Mupanda wako wakaita sei? Ndeipi ndangariro yaunonyanya kuda yemhuri yako?

Apo paunotanga kunyora zvishomanana zuva rega rega, hauzongokwanisi chete kuona zvakananyanya kujeka mabatsirirwo aunoitwa naBaba Vokudenga nemuupenyu hwako hwemazuva ose, sezvaVakatungamirira vaparuri, asiwo unezenge uchisiya nhaka yezvizvarwa zvamagwana zvako pachako.

VANA

Kutevera Muenzaniso weVaparuri

Mutungamiri Uchtdorf vanogovera nzira shoma idzo vaparuri dzavakataridza rudo rwaBaba Vokudenga. Unokwanisa kutevera muenzaniso wavo. Haano mazano mashoma okuti utange:

MUTSA

- Nyora tsamba inetsitsi kana kuti ita chimwe chinhu chakanaka kumunhu akasuwa.
- Batsira mumwe wako wemukirasi nebase rake rekuchikoro rinoitirwa kumba.

BASA

- Misa chinangwa Ita chimwe chinhu zuva roga roga mwe-dzi uno kukubatsira kuti usvike pachinangwa chako.
- Batsira vabereki vako kubika kudya kwamanheru.

TARIRO

- Nyora mudongorodzwa wezvinhu gumi zvinofadza muupenyu hwako.
- Nyemwerera kumunhu wese waunoona.



Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Hunhu hweUmwari hwaJesu Kristu: Kuregerera neKuva neNyasha

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.

Ichi chikamu chezvinyorwa zvinotevedzana zveMashoko eDzidziso yeKushanyirana zvinoratidza hunhu hweMuponesi.

Kunzwisisa kuti Jesu Kristu anotiregerera uye ane tsitsi kwatiri kunokwanisa kutibatsira kuregerera nokutaridza tsitsi kuna vamwe. “Jesu Kristu ndiye Muenzaniso wedu,” vakadaro Mutungamiri Thomas S. Monson. Upenyu hwake hwakanga huri nhaka yerudo. Vairwara Akaporesa; vaitarisirwa pasi Akavasimudzira; mutadzi Akamuponesa. Pekupedzisira mhomho yaiva nehasha yakatora upenyu Hwake. Asi zvakadaro anorira kubva pachikomo cheGorogota mazwi anoti: “Baba, muvakananwire; nokuti havazive chavanoita”⁴—muenzaniso wakanakisisa muupenyu huno wemutsa nerudo.¹

Kana tikaregerera vamwe zvitadzo zvavo, Baba vedu Vokudenga vano-zotiregererawo. Jesu anotikumbira kuti “ivai netsitsi, saBaba venyu vanetsitsivo (Ruka 6:36). “Ruregerero ku *zvivi* zvedu runouya nezvidikaniwi,” vakadaro Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga.

“Tinofanira kutendeuka. . . Hatina here tose, paneimwe nguva, kuenda takazvirereka kuchigaro chetsitsi tikanoteterera nyasha? . . . Hatina here kushuvira nesimba redu rose remweya—kuti tiregererwe zvitadzo zvatakaita uye zvivi zvatakapara? . . . Bvumira Rudzikinuro rwaKristu kushandura nokuporesa mwoyo wako. Dananai Regereranai.”²

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Mateo 6:14–15; Ruka 6:36–37; Aruma 34:14–16

Kubva muMagwaro Matsvene

“Tinofanira kuregerera kunyangwe sokuregererwa kwatinoitwa,” vakadaro Gosa Jeffrey R. Holland ve-Chikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri.³ Nyaya yemwanakomana akararika inotitaridza mativi ese eruregerero: mumwe mwanakomana anoregererwa uye mumwe mwanakomana anotambudzika kuregerera.

Mwanakomana mudiki akatora nhaka yake, akaiparadza nokukurumidza, uye nzara huru payakasvika akashanda achiita basa rokupa ngu-ruve zvokudya. Magwaro matsvene anoti “zvino wakati achizvifunga,”

akadzokera kumusha akati kuna baba vake akanga asingakodzeri kuva mwanakomana wavo. Asi baba vake vakamuregerera uye vakabaya mhuru yakakodzwa yemabiko. Mwanakomana mukuru akadzoka kubva kwaashanda muminda uye akashatirwa. Akaye-uchidza baba vake kuti iye akanga ashanda kwemakore akawanda, asingadarikiri mirairo, asi “hamuna kutongondipa mbudzana, kuti ndifare.” Baba vakapindura kwaari vakati, “Mwana wangu, iwe uneni nguva dzose, zvose zvangu ndezvako. Kwaifanira kuti tifare noku-farisisa, nokuti munun’una wako uyu wakanga afa, wararama; wakanga arasika, akawanika” (ona Ruka 15:11–32).

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “Love, the Essence of the Gospel,” *Liahona*, Kubvumbi 2014, 91.
2. Dieter F. Uchtdorf, “The Merciful Obtain Mercy,” *Liahona*, Kubvumbi 2012, 70, 75, 77; kusimbisa kuri muchinyorwa chokutanga.
3. Jeffrey R. Holland, “The Peaceable Things of the Kingdom,” *Ensign*, Mbudzi 1996, 83.

Funga Izvi

Kuregerera kunokwanisa kubatsira sei munhu ari kuregerera?